

Rete Ajou avèk Vaksen kont COVID-19 yo

Vaksen kont COVID-19 yo san danje, yo efikas epi yo rekòmande pou tout granmoun ak timoun ki gen laj 6 mwa ak plis. Vaksinasyon an toujou rete meyè mwayen pou anpeche ou menm ak pwòch ou tonbe malad.

Pa Bliye Grip la!

Tout moun ki gen laj 6 mwa ak plis dwe pran yon vaksen kont grip chak ane. Grip la toujou prezante yon gwo pwoblèm, sitou pou granmoun aje yo, jèn timoun yo, moun ki ansent yo, ansanm ak moun ki gen pwoblèm medikal yo.

Ou kapab gen COVID-19 ak grip la an menm tan an. Sa ki bon an se ke w kapab pran yon vaksen kont COVID-19 ak yon vaksen kont grip la an menm tan an tou.



Boston Public Health Commission
Biwo Maladi Enfektye
1010 Massachusetts Avenue
Boston, MA 02118
www.boston.gov/bphc
617-534-5611

Boston Public Health Commission

Rete An Sante pandan Jou Fèt yo



Konnen Resous Ou yo!



Jwenn yon Vaksen kont COVID-19!



Jwenn yon tretman pou COVID-19!



Jwenn yon Tès pou COVID-19!



Jwenn yon Vaksen kont Grip!



Fè Tès!

Fè tès pou COVID-19 ak/oswa grip, sitou si w santi w malad.

Konsève kit rapid pou tès COVID-19 lakay ou pou itilize si w santi w malad, si w te ekspoze ak yon moun ki gen COVID-19, oswa avan w patisipe nan aktivite ozalantou adilt ki pi aje yo oswa lòt moun ki gen plis risk pou yo tonbe malad byen grav anba COVID-19 yo.



Jwenn Tretman

Si w teste pozitif pou COVID-19 oswa grip, epi w gen anpil risk pou tonbe malad byen grav, pale avèk doktè w la sou kòman pou jwenn tretman touswit.



Rete Lakay ou Si W Santi W Malad

Pale ak doktè w la sou kòman pou fè tès pou COVID-19 ak/oswa grip la. Mete yon mask lè w pami lòt moun si w malad.

Pa Bliye Eleman Debaz yo!

Kouvri Nen w ak Bouch Ou
Lè w ap touse oswa estène, kouvri nen w ak bouch ou avèk koud oswa yon twal. Sa kapab pwoteje w kont rim, grip, ni kont COVID-19 la tou pwiske li limite pwopagasyon ti gout respiratwa yo. Sonje mete yon mask lè w nan espas anndan ki plen moun, sitou si w malad.



Lave Men Ou

Lave men ou souvan avèk savon ak dlo pwòp pandan omwen 20 segonn, sitou apre w fin touse, estène, itilize saldeben, ak avan w manje. Sa ede w anpeche pwopaje mikwòb ki bay rim, grip, COVID-19 la, ansanm ak lòt maladi yo.



Pèmèt Plis Lè Antre

Maladi respiratwa tankou rim, grip, ak COVID-19 la pwopaje pi fasil nan espas anndan ki plen moun. Sa rive sitou ann ivè lè pòt ak fenèt kay moun yo fèmen. Li san danje pou fè sa a, louvri pòt ak fenèt yo oswa itilize pirifikatè lè pou diminye sou risk maladi a.